

GUARDIAN ADVOCATE INFORMATION/ ENFÒMASYON TITÈ AK FONKSYON LIMITE

For Persons with a Developmental Disability / Pou Moun ki gen Andikap Developmantal

Kisa yon Titè ak Fonksyon Limite ye?

Souvan yon Titè ak Fonksyon Limite bezwen nome lè yon moun ak yon andikap developmantal vin gen 18 ane. Lè li vin yon majè, paran an pa gen menm kapasite legal pou pran desizyon pou li. Pou kalifye sou Lwa Florida, yon moun ki gen yon andikap developmantal dwe gen yon maladi ki fè li retade, gen yon enfimite nan sèvo, otis, spina bifida, oswa maladi Prader-Willi; maladi sa yo kòmanse parèt avan moun gen 18 ane; epi li se yon gwo andikap ki ka kontinye pou tout rès vis moun nan.

Titè ak Fonksyon Limite se yon pwoesisioun pou fanmi, moun k ap bay swen, ak fanmi moun ki gen yon andikap developmantal pou genyen titè sou moun sa a san w pa deklare moun nan enkonpetan. Fason yo nome Titè ak Fonksyon Limite dirije sou Lwa Florida Seksyon 393.12. Nominasyon yon Titè ak Fonksyon Limite pèmèt titè a pran desizyon pou moun nan ki gen andikap developmantal la. Se pa tout moun ki gen yon andikap developmantal ki bezwen yon titè legal. Moun nan ap bezwen youn si li pa gen kapasite pou pran desizyon ki nesesè nan vi kotidyen li. Pandan pwoesisioun pou Titè ak Fonksyon Limite a Tribunal la ap nome yon avoka pou moun ki gen yon andikap developmantal pou asire pi bon enterè moun nan pwoteje.

Titè ak Fonksyon Limite a responsab sèlman pou tach Jij la otorize epi ki nan lis Lòd Tribunal la. Ou bezwen pran yon avoka pou pwoesisioun pou vin yon Titè ak Fonksyon Limite Moun . Si gen pwopriyete nan zafè a, apa avantaj sekirite sosyal oswa lòt pwogram gouvènman peye, moun k ap chèche pou li vin yon Titè ak Fonksyon Limite

Moun ak pwopriyete a dwe pran yon avoka. Dwa pwopriyete sa yo gen ladan yo, men se pa sèlman: yon aksyon nan lajistis ki an atant, zafè pwopriyete, oswa lòt revni oswa dwa pwopriyete moun ki gen andikap devlopmantal la ap resevwa. Tribunal la ka elaji deskripsiyon dwa pwopriyete Lòd Petisyon an.

Egzijans Pou Verifikasyon Dosye Kredi ak Dosye Kriminèl:

Lwa Florida Seksyon 744.3135 pèmèt tribunal la mande pou gen yon Titè ak Fonksyon Limite pou soumèt, ak pwòp depans li, pou yon envestigasyon sou jan kredi Titè ak Fonksyon Limite a te ye avan ak yon verifikasyon dosye kriminèl avan yo nome kòm Titè ak Fonksyon Limite . Titè ak Fonksyon Limite a dwe rele yon biwo ki ofri sèvis anprent an dirèk pou pwograme yon randevou pou fè anprent li. Pri a ap varye daprè biwo ou ale a donk Titè ak Fonksyon Limite a dwe mande chak konpayi konbyen I ap koute. Tanpri pa blye verifikasyon dosye kriminèl la dwe fèt avan randevou pou pwosè kòm Titè ak Fonksyon Limite ka pwograme.

Pwosesis Pou Vin Yon Titè ak Fonksyon Limite Etap pa Etap:

1. Ranpli dokiman ki nesesè yo.
 - A. Aplikasyon Nominasyon Kòm Titè ak Fonksyon Limite. Fòm A
 - B. Aplikasyon Nominasyon Kòm Titè ak Fonksyon Limite Sekou. Fòm B
 - C. Jonksyon moun ki pwopoze kòm Titè ak Fonksyon Limite Sekou a siyen. Fòm C
 - D. Petisyon pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite Moun . Fòm D
 - E. Sèman Titè ak Fonksyon Limite , Deziyasyon & Rekonesans. Fòm F
 - F. Fòm Egzijans Pou Edikasyon ak Verifikasyon Dosye Kriminèl Titè ak Fonksyon Limite .

2. Depoze tout dokiman nan biwo grefye a.

- A. Moun k ap depoze dokiman yo rele Petisyonè.
- B. Petisyonè a dwe kole yon kopi dosye medikal moun ki gen andikap devlopmantal la ak Petisyon pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite a.
- C. Petisyonè a dwe peye frè pou depoze li a.
- D. Toujou soumèt dokiman orijinal la ak twa kopi ak de anvlòp tou tenbre ak ase tenb pou voye kopi tout plèd.

3. Avèti ou te depoze yon petisyon pou nominasyon Titè ak Fonksyon Limite . Ou dwe Avèti moun ki enplike yo petisyon an te depoze epi di yo dat ak lè pwersè a w ap rele Asistan Jidisyè Jij la pou pran randevou a nan (407) 836-2229. Fòm G

4. Pwersè.

- A. Vini ak moun ki gen andikap devlopmantal la si li ka deplase.
- B. Vini ak Lòd pwopozé yo ranpli ak tape konplètman.

Pwosesis Detaye Pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite :

Premye: Ranpli tout dokiman ki nesesè yo.

Aplikasyon Nominasyon Kòm Titè ak Fonksyon Limite :

Sa gen ladan enfòmasyon fondamantal sou moun k ap mande pou yo nome li kòm Titè ak Fonksyon Limite pou moun ki gen andikap devlopmantal la.

Aplikasyon Nominasyon Kòm Titè ak Fonksyon Limite Sekou:

Aplikasyon ak nominasyon Titè Sekou a pa obligatwa. Si yon Titè ak Fonksyon Limite Sekou yo nome pa aji pou avantaj moun ki gen andikap devlopmantal la avan Titè ak Fonksyon Limite yo nome a pa ka fè travay li swa paske li mouri, yo retire li sou dosye a, li demisyone, oswa yo jije li pa konpetan. Moun yo pwopoze kòm Titè ak Fonksyon Limite Sekou a dwe siyen yon **Jonksyon** [yon fòm de moun gen menm dwa a], gade, Fòm C epi depoze li ak Petisyon pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite an ak Aplikasyon Titè ak Fonksyon Limite Sekou a. Lòd pou nome Titè Sekou, Fòm N.

Aplikasyon Nominasyon Kòm Titè ak Fonksyon Limite :

Petisyon **dwe** mansyone bagay sa yo:

- A. Non, laj, adrès moun k ap depoze petisyon an ak sa li ye pou moun ki gen andikap devlopmantal la
- A. Non, laj, peyi rezidans, ak adrès moun ki gen andikap devlopmantal la
- B. Di poukisa moun k ap depoze petisyon an santi yon Titè ak Fonksyon Limite nesesè
- C. Mete enfòmasyon ki espesifik epi baze sou sa ki vre
- D. Di egzakteman ki kote moun nan pa ka pran desizyon pou tèt li
- E. Di egzakteman andikap legal la daprè definisyon ki nan Lwa Florida 393.063 (9)
- F. Di non moun ki pwopoze kòm Titè ak Fonksyon Limite a ak sa li ye pou moun ki gen andikap devlopmantal la.

- G. Epi tou, di nenpòt relasyon moun ki pwopoze kòm Titè ak Fonksyon Limite a (yo) te gen ak konpayi ki ofri sèvis sante, sèvis rezidansyèl, oswa lòt sèvis pou moun ki gen andikap devlopmantal la.
- H. Daprè Lwa Siksesyon 5.649(a) (7) petisyon an dwe di si petisyonè an gen konesans, enfòmasyon, oswa kwayans moun ki gen andikap devlopmantal la te kreye yon testaman oswa yon manda dirab.
- I. Ranpli epi siyen Fòm Egzijans Pou Edikasyon ak Verifikasyon Dosye Kriminèl Titè a. Fòm sa a konfime petisyonè an konnen li dwe soumèt yon verifikasyon dosye kriminèl (Lwa Florida 744.3135) avan yo nome li. Epi tou li verifye petisyonè an konnen egzijans pou edikasyon an.

Dezyèm: Depoze tout dokiman nan biwo grefye a. Toujou soumèt dokiman orijinal la ak twa kopi ak de anvlòp tou tenbre ak ase tenb pou voye kopi tout plèd.

Ou ka depoze dokiman yo pa lapòs nan:

Clerk of the Court, Probate Department, 425 N. Orange Avenue, Suite 340,
Orlando, FL 32801

Ou ka depoze dokiman yo an pèsòn nan biwo grefye a nan twazyèm etaj tribinal la Sal #340.

Frè pou depoze dokiman yo:

Sèlman Titè ak Fonksyon Limite Moun: \$235.00

Titè ak Fonksyon Limite Moun ak Pwopriyete: \$400.00

(Frè yo ka chanje)

Pwosesis Detaye Pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite :

- A. Tribunal la ap nome yon avoka pou reprezante moun ki gen andikap devlopmantal la. Tanpri pote orijinal la ak twa kopi Fòm E bay grefye a.
- B. Y ap bezwen notifye avoka Tribunal la nome a ak yon kopi Fòm E nominasyon an epi l ap bezwen rankontre ak moun ki gen andikap devlopmantal la epi petisyonè an (yo) dwe kolabore ansanm ak avoka Tribunal la nome a. Si avoka a pa kontakte ou avan 10 apre nominasyon a, rele biwo li oswa kontakte Tribunal la.

Twazyèm: Avèti ou te depoze yon Petisyon pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite. Fòm G

Men moun ou **dwe** Avèti yo:

- A. Moun ki gen andikap devlopmantal la pa bouch oswa ekri
- B. An angle ak lang moun nan pale
- C. Fanmi ki pi pwòch moun ki gen andikap devlopmantal la
- D. Ranplasman Swen Sante yo chwazi nan yon testaman si moun ki gen andikap la te kreye youn.
- E. Yon ajan sou Manda Dirab, si moun ki gen andikap devlopmantal la gen youn

Ou dwe bay yon kopi petisyon pou Nominasyon yon Titè ak Fonksyon Limite ak avi a.

Avi a **dwe** di:

- A. Pwosè a ap fèt pou evalye kapasite moun ak andikap devlopmantal la pou egzèse lis dwa yo ki nan petisyon an

B. Dat pwosè a

C. Moun sa a ki gen andikap devlopmantal la gen dwa pou chwazi yon
avoka men Tribunal la ap chwazi youn pou li nan kòmansman an.

Katriyèm: Pwosè.

Kou w fin depoze tout dokiman ki nesesè yo nan Tribunal la y ap ba
ou yon nimewo dosye epi mete yon Jij sou dosye a. Petisyonè an dwe rele
Asistan Jidisyè Jij la pou pwograme dat ak lè pwosè a. Y ap prezante
enfòmasyon petisyon an devan jij la. Jij la ap deside si pou li nome yon Titè
ak Fonksyon Limite ou pa. Moun ki gen andikap devlopmantal la gen dwa
pou li vini nan pwosè a.

Pandan pwosè a jij la ka pase yon Lòd Pou Nome Titè ak Fonksyon
Limite Moun , tanpri itilize Fòm H. Epi tou, Jij la ka bay Lèt Titè ak Fonksyon
Limite ; gade Fòm I. W ap bezwen vini ak fòm sa yo nan pwosè a, tou ranpli
ak enfòmasyon ou te mete nan Petisyon pou Nominasyon Titè ak Fonksyon
Limite Moun , Fòm D. Tanpri ranpli tout espas vid nan dokiman an, ak non
moun ki gen andikap devlopmantal la, ak non ak nimewo dosye a. Fè menm
bagay la pou Lòd nominasyon ak Lèt yo. Itilize òdinatè ou pou tape tout Lòd
Tribinal la.

Kou Yo Nome Titè ak Fonksyon Limite a:

Si jij la deside moun ki gen andikap devlopmantal la bezwen yon Titè ak
Fonksyon Limite Jij la ap mete yon Lòd Nominasyon Yon Titè ak Fonksyon Limite epi
bay yon Lèt Titè ak Fonksyon Limite Moun . Lòd la ap gen pouvwa, tach, ak
responsablite Titè ak Fonksyon Limite a.

Moun ki gen andikap devlopmantal la gen tout dwa legal sòf pou sa yo Tribunal la bay Titè ak Fonksyon Limite a.

Egzijans pou Titè ak Fonksyon Limite Apre Nominasyon Tribunal la:

Egzijans Edikasyon

Lwa Florida 393.12 (10) ak 744.3134 egzije pou chak moun yo nome Titè ak Fonksyon Limite al pase yon fòmasyon. Kou Tribunal la nome yon moun pou li Titè ak Fonksyon Limite li dwe pran fòmasyon ki egzije a avan kat mwa pase apre yo nome li.

- A. Chak moun yo nome kòm Titè ak Fonksyon Limite dwe pase yon minimòm **8 èdtan** enstriksyon ak fòmasyon.

Gen yon klas sou edikasyon titèl ki disponib nan Seniors First nan Konte Orange ki otorize. Pou enskri pou klas la rele Seniors First nan: (407) 297-9980.
Adrès Seniors First:

5393 LB McLeod Rd, Orlando, FL 32801

Dokiman Pou Depoze Nan Tribunal la Apre Nominasyon

Titè yo oblige depoze sèten rapò regilyèman nan tribunal la. Si yo pa fè sa, titè yo kapab oblige al prezante devan Tribunal la. Epi tou yo kapab mande li peye amann, retire dwa li kòm titè, oswa lòt bagay.

Plan Obligatwa

Premye Plan: Fòm J - 1 & 2

Dwe depoze avan 60 jou apre yo nome Titè ak Fonksyon Limite a
Li dwe gen bagay sa yo ladan:

- A. Yon atestasyon medikal, mantal, oswa sèvis swen pèsonèl pou byenèt moun ki sou titèl la
- B. Yon atestasyon sosyal oswa sèvis pèsonèl pou byenèt moun ki sou titèl la
- C. Kote ak kalite anviwònman ki pi apwopriye pou moun ki sou titèl la rete
- D. Aplikasyon pou asirans sante ak aksidan ak nenpòt lòt avantaj gouvènman oswa prive moun ki sou titèl la kapab gendwa resevwa pou peye nenpòt pati nan depans medikal, sante mantal, oswa lòt sèvis pou moun ki sou titèl la; epi
- E. Nenpòt egzamen fizik ak mantal ki nesesè pou detèmine tretman sante medikal oswa mantal moun ki sou titèl la bezwen.

Plan Anyèl: Fòm S

Dwe depoze avan 90 jou apre jou anivèsè dat yo te nome Titè ak Fonksyon Limite a

Rapò a dwe gen ladan:

Enfòmasyon sou rezidans moun ki sou titèl la tankou:

Adrès moun ki sou titèl la lè w ap depoze plan an.

Non ak adrès chak kote moun ki sou titèl la te rete pandan ane ki sot pase a.

Konbyen tan moun ki sou titèl la te rete chak kote.

Yon deklarasyon ki di si kote moun ki sou titèl la rete a se kote ki pi apwopriye pou bezwen li genyen nan moman an.

Plan pou asire moun ki sou titèl la ap kote ki pi apwopriye pou bezwen li yo pandan ane k ap vini a.

Enfòmasyon sou kondisyon medikal ak mantal moun ki sou titèl la ak bezwen pou tretman ak reyabilitasyon li genyen, tankou:

Yon rezime nenpòt tretman medikal pwofesyonèl moun ki sou titèl la te resevwa ane ki sot pase a.

Yon rapò yon doktè ki te egzaminen moun ki sou titèl la nan 90 dènye jou avan peryòd pou bay rapò a. Rapò a dwe gen yon evalyasyon sou kondisyon moun ki sou titèl la ak yon deklarasyon sou nivo kapasite moun ki sou titèl la nan moman an.

Plan pou bay sèvis medikal, sante mantal, a reyabilitasyon nan ane k ap vini an.

Enfòmasyon sou kondisyon sosyal moun ki sou titèl la, tankou:

Sèvis sosyal ak pèsonèl moun ki sou titèl la ap resevwa kounye a.

Kapasite sosyal moun ki sou titèl la, ak yon deklarasyon sou jan moun ki sou titèl la kominike ak boule ak lòt moun.

Bezwen sosyal moun ki sou titèl la.

Chak plan dwe abòde restorasyon dwa moun ki sou titèl la epi

genyen:

Yon rezime aktivite pandan ane ki sot pase a ki te fèt pou amelyore kapasite moun ki sou titèl la.

Yon deklarasyon ki di si moun ki sou titèl la gen okenn dwa yo te rebay li.

Yon deklarasyon ki di si yo pral chèche pou rebay okenn dwa.

Restorasyon Dwa:

Nenpòt moun ki enplike, ansanm ak moun ki gen andikap devlopmantal la ladan, kapab depoze yon sijesyon restorasyon dwa nan Tribunal la. Li dwe di moun nan ki gen andikap devlopmantal la ka egzèse kèk oswa tout dwa yo bay Titè ak Fonksyon Limite a. Sa vle di moun nan pa bezwen yon Titè ak Fonksyon Limite ankò. Fòk ou mete kèk sipò lè w ap depoze sijesyon kòm prèv. Sipò pou bay prèv gen ladan: yon deklarasyon siyen yon doktè medikal, sikoloji, oswa sikyatri ki te evalye moun ki gen andikap devlopmantal la. Si w pa ka jwenn okenn sipò pou bay prèv, lè sa a petisyonè an ka fè sijesyon an ak bon fwa. Tribunal la dwe pwograme yon pwosè touswit.

FÒM POU KOLE AK ENFOMASYON TITÈ AK FONKSYON LIMITE A

- A. Aplikasyon Nominasyon Kòm Titè ak Fonksyon Limite
 - B. Aplikasyon Nominasyon Kòm Titè ak Fonksyon Limite Sekou
 - c. Petisyon Jonksyon Titè Sekou
 - D. Petisyon pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite Sèlman Pou Moun
 - E. Lòd Nominasyon Avoka Pou Moun Ak Andikap Developmantal
 - F. Sèman Titè ak Fonksyon Limite , Deziyasyon Ajan Rezidan & Rekonesans
 - G. Avi Sou Odyans
 - H. Lòd Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite Sèlman Pou Moun
 - I. Lèt Titè ak Fonksyon Limite Sèlman Pou Moun
 - J-1 Premye Plan Titè ak Fonksyon Limite Moun
 - J-2 Prèv Sèvis Titè ak Fonksyon Limite Moun
 - N. Lòd Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite Sekou Sèlman Pou Moun
 - O. Kondisyon Pou Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite Ansanm ak
Titè ak Fonksyon Limite Sekou
 - H. Lòd Nominasyon Titè ak Fonksyon Limite Pou Moun ak Pwopriyete
 - H. Let Titè ak Fonksyon Limite Pou Moun ak Pwopriyete
 - S. Plan Anyèl
- Egzijans Pou Edikasyon ak Verifikasyon Dosye Kriminèl Titè

Revize 7 oktòb 2012 pa Lawrence R. Kirkwood